

---

# Ede pitit ou yo gen siksè nan lekòl

Gid pou paran

---



---

“Kèlkeswa prensip entèlijans nou jwenn nan lavi sa a, I ap leve avèk nou nan rezirèksyon an.

“Epi si yon moun jwenn plis konesans ak entèlijans nan lavi sa a nan dilijans ak obeyisans pase yon lòt moun, I ap gen pi gwo avantaj nan mond k ap vini an.”

**Doktrin ak Alyans 130:18-19**

Pibliye pa  
Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo  
Salt Lake City, Utah

© 2021 Intellectual Reserve, Inc.

All rights reserved.

Vèsyon: 2/21

Tradiksyon *Help Your Children Succeed in School: Parent Guide*

Haitian Creole

PD60010749-036

Enprime nan Etazini Damerik

## Kontni

**Byenveni** \_\_\_\_\_ **2**

### Sijè

1: Edikasyon Enpòtan \_\_\_\_\_ **3**

2: Ede Pitit Ou Yo Aprann \_\_\_\_\_ **7**

3: Nou Se Pitit Bondye. \_\_\_\_\_ **11**

4: Fè Plan Pou Ede Pitit Ou Yo Gen Siksè \_\_\_\_\_ **15**

5: Aprann Ansanm Nan Fwaye a \_\_\_\_\_ **19**

6: Itilize Tan Avèk Sajès \_\_\_\_\_ **23**

7: Ede Timoun Pratiye Li, Ekri, ak Matematik \_\_\_\_\_ **27**

8: Ede Timoun Avèk Devwa Lekòl nan Fwaye a \_\_\_\_\_ **31**

9: Patisipe nan Edikasyon Pitit Ou yo \_\_\_\_\_ **36**

Fason pou Ede Pitit Ou yo Gen Siksè nan Lekòl ak Santi Ou Renmen yo. \_\_\_\_\_ **39**



## Byenveni

Gid pou paran sa a pral ede w aprann fason pou w ede pitit ou yo aprann nan lekòl ak nan fwaye a.

Timoun aprann nan men paran yo ak enstriktè yo. You aprann atravè travay, ak jwèt ak nan kesyon yo poze tou. Fanmi enpòtan anpil epi yo ede timoun yo aprann. Lè fanmi sipòte timoun nan aprann, timoun yo santi yo kontan ak byen nan po yo. Yo vle aprann plis tou.

Pale avèk fanmi w sou sa w aprann pandan w ap li manyèl sa a. Priye pou w jwenn èd nan men Pè Selès la. Menmsi w pa t fè anpil etid, ou ka toujou ede pitit ou aprann. Senyè a ap ede oumenm avèk pitit ou yo aprann ansanm pandan n ap travay, jwe, pale yonn ak lòt, ak li.

### **Kijan pou Itilize Manyèl sa a**

Paran yo ka etidye manyèl sa a ansanm, avèk pitit yo, oubyen avèk lòt paran. Dirijan Legliz yo ka envite paran yo pou yo rankontre epi diskite sou sijè ki nan manyèl sa a. Frè ak sè sèvis pastoral yo ka pale sou sijè yo ki nan manyèl sa a tou avèk fanmi y ap sèvi yo.

### **Kòman pou Etidye Chak Sijè**

Suiv etap sa yo pandan w ap etidye chak sijè nan manyèl sa a:

1. Envite lòt moun pou yo etidye sijè a avèk ou, oubyen etidye sijè a poukont ou.
2. Panse epi pale sou kesyon yo.
3. Li epi fè aktivite yo.
4. Panse epi Priye sou bagay ou aprann yo.
5. Pale sou sa w aprann yo avèk fanmi ou.



# 1

## Edikasyon Enpòtan

### Kesyon pou Diskite

1. Gade foto sa yo. Kisa ou wè?
2. Kòman fanmi yo ap aprann ansanm?
3. Poukisa edikasyon enpòtan?



**Aprann**

Edikasyon fè pati plan Bondye a. Nan ekriti yo, yo di nou “Chèche pawòl sajès nan pi bon liv yo; chèche konesans, menm nan etid epi avèk lafwa” (Doktrin ak Alyans 88:118). Pandan n ap aprann ak pwogrese, nou pral aprann plis sou plan Bondye a pou nou.

Jezikri se yon egzanj sou moun ki aprann anpil. Ekriti yo anseye nou ke Jezi te “grandi nan sajès” (Lik 2:52). Pè Selès ap beni ou epi L ap ede w aprann. L ap beni pitit ou yo pandan y ap aprann ak suiv egzanj Jezi.

Prezidan Gordon B. Hinckley te anseye ke “edikasyon se kle ki ap ouvri pòt opòtinite” (“Kite Vèti Gani Panse Ou Tout Tan,” *Lyawona*, Me 2007, 116). Sa vle di ke edikasyon ka ede oumenm avèk pitit ou yo aprann nouvo talan. Li ka ede w anseye lòt moun ak pran swen fanmi ou.

**Panse epi Priye**

Panse epi priye sou sa w aprann yo. Ekri nenpòt panse w genyen oubyen ide ki soti nan Sentespri a. Kisa w panse Senyè a vle pou w fè?

---



---



---

# 1

## Edikasyon Enpòtan

### Aktivite

Gade foto ki anba yo. Panse epi diskite sou sa moun yo ap fè nan chak foto. Kijan w panse aprantisaj ak edikasyon ede moun ki nan foto sa yo?



**Pale avèk Fanmi ou**

Pale avèk fanmi w sou sa w aprann. Diskite kesyon ki anba yo. Mande manm nan fanmi w pou yo pataje ide yo epi pou yonn koute lòt.

- Kijan suiv egzanp Jezi ka ede w nan lekòl?
- Kijan edikasyon ka ede w nan lavi ou?
- Kisa nou ka fè kòm fanmi pou youn ede lòt aprann ak pwogrese?





# 2

## Ede Pitit Ou yo Aprann

### Kesyon pou diskite

1. Gade foto sa yo. Kisa ou wè?
2. Kijan manman yo ap anseye pitit yo nan foto sa yo?
3. Èske gen yon bagay ou anseye pitit ou yo?



### Aprann

Paran pran swen pitit yo nan plizyè fason. Ou beni pitit ou yo chak jou nan ede yo aprann. Lè timoun yo aprann, yo santi yo byen nan po yo epi yo vle aprann plis.

Lòt moun ka ede pitit ou yo aprann, men paran yo se premye ak meyè pwofesè timoun yo. Ou ka ede pitit ou yo konnen ke yo vin pi plis tankou Papa nou ki nan syèl la ak pitit gason L la, Jezikri, lè y ap aprann.

Pitit ou yo ap gade sa w fè. Lè yo wè ke w kreye tan pou w aprann, y ap konnen ke edikasyon enpòtan. Gen plizyè fason ou ka kontinye aprann:

- Etidye ekriti yo.
- Li liv.
- Pale avèk moun sou sa k ap pase bò kote w ak nan mond lan.
- Pran plis fòmasyon pou fè travay ou pi byen.
- Pran plis edikasyon ofisyèl.
- Aprann nouvo talan.



### Panse epi Priye

Panse sou sa w aprann yo. Ekri tout ide w genyen oswa ide ki soti nan Sentepri a. Kisa w panse Senyè a vle w fè? Kijan w ka tabli yon egzanp pou pitit ou yo nan kontinye aprann?

---



---



---

**Aktivite**

Kijan w ka ede chak manm nan fanmi w aprann? Mande manm fanmi w yo kisa yo vle aprann ak kijan w ka ede yo. Ekri repons yo pi ba la a.

<b>Manm Fanmi yo</b>	<b>Kisa yo vle aprann?</b>	<b>Kijan w ka ede yo?</b>
<b><i>Egzanp</i></b> Derek (pitit gason)	<i>-Pase egzamen pou l ka ale nan lekòl segondè</i> <i>-Aprann Anglè pi byen</i>	<i>-Aprann dat egzamen yo</i> <i>-Repase devwa lekòl yo lakay</i> <i>-Pale Anglè nan fwaye nou</i>

**Pale Avèk Fanmi Ou**

Pale avèk fanmi w sou sa w aprann. Diskite sou kesyon ki pi ba la yo. Mande manm fanmi w yo pou yo pataje ide yo epi pou youn koute lòt.

- Kijan aprann ede nou vin pi plis tankou Papa nou ki nan Syèl la?
- Kijan nou ka ede tout manm fanmi yo aprann ak kontinye avèk edikasyon yo?



# 3

## Nou Se Pitit Bondye

### Kesyon pou Diskite

1. Gade foto sa yo. Kisa ou wè?
2. Kisa w ka fè pou ede pitit ou yo konnen yo se pitit Bondye?
3. Kòman lè yo konnen yo se pitit Bondye sa ka ede pitit ou yo gen siksè nan lekòl?



**Aprann**

Anseye pitit ou yo ke nou se pitit Bondye. Nou tout ka vin tankou Li pandan n ap aprann ak pwogrese. Ede pitit ou yo konprann ke yo ka gen siksè nan lekòl paske yo se pitit Bondye. Ide ki anba yo ap ede pitit ou yo gen siksè nan lekòl:

**Konsantre sou lekòl**

Ede pitit ou yo ale lekòl pou yo rive alè. Yo ta dwe eseye ale lekòl chak jou epi prepare pou egzamen ki enpòtan yo.

**Eseye Fè Tout Efò Ou**

Anseye pitit ou yo pou yo fè tout efò yo epi pou yo pa dekouraje lè sa difisil.

**Ou Dwe Obeyisan**

Anseye pitit ou yo pou yo obeyi kòmandman yo, paran yo, ak règ lekòl yo. Y ap resewva benediksyon paske yo obeyisan.

**Mande Èd**

Anseye pitit ou yo pou yo mande èd ak pou yo aprann nan men lòt moun. Priye avèk yo lè yo pa konprann kijan pou yo fè yon bagay.

**Pale Ansanm**

Pale avèk pitit ou yo, epi fè yo konnen yo ka vin kote w pou yo jwenn èd. Mande yo kisa ki difisil pou yo. Travay ansanm pou rezoud pwoblèm yo.

**Kwè nan tèt Ou**

Ede pitit ou yo kwè nan tèt yo ak panse bon bagay. Lè timoun panse bon bagay apwopo tèt yo, yo santi yo ka gen siksè.

**Panse epi Priye**

Panse sou sa w aprann yo. Ekri nenpòt panse ou genyen oubyen ide ki soti nan Sentespri a. Kisa w panse Senyè a vle w fè? Kisa w ka fè pou ede pitit ou yo gen siksè nan lekòl?

---

---

---

**Aktivite**

Nou se Pitit Bondye, epi Li renmen nou. Li renmen oumenm ak fanmi ou. Panse sou fason Bondye wè chak manm nan fanmi w yo. Nan espas ki anba a, ekri kèk mo oubyen desine foto pou montre yonn oubyen de bon bagay konsènan chak moun nan fanmi ou. Pataje bagay sa yo avèk fanmi ou.

**Egzanp**

*Kofi:* 

*Priscilla janti.*

*Fehi kontan.*

*Sione travay anpil.*

---

Desine foto epi ekri mo pa w nan espas ki anba la a:

---

**Pale avèk Fanmi Ou**

Pale avèk fanmi w sou sa w aprann. Diskite kesyon ki anba yo. Mande manm fanmi ou pou yo pataje ide yo epi pou yonn koute lòt.

- Ki fason lè nou konn kijan Bondye wè ak renmen pitit Li yo, sa ka ede nou nan lavi nou?
- Kijan lè w konnen ou se pitit Bondye, sa ka ede w gen siksè nan lekòl?





# 4

## Fè Plan pou Ede Pitit Ou Yo Gen Sikse

### Kesyon pou Diskite

1. Gade foto sa yo. Kisa ou wè?
2. Poukisa li enpòtan pou nou fè plan?
3. Kijan w santi w lè w fin konplete yon plan ou te fè?



## Aprann

Si w vle rezoud yon pwoblèm oubyen fè yon bagay, ou dwe deside kòman ou pral fè l. Sa rele fè yon plan. Lè nou ede pitit nou yo aprann fè plan, sa ap ede yo gen siksè.

Oumenm ak pitit ou yo ka fè plan nan kat etap ki fasil:

1. Dekouvri
2. Planifye
3. Aji
4. Reflechi

Gade egzanp ki anba yo pou w wè nan ki fason etap yo ka ede oumenm ak pitit ou yo fè plan.

### 1. Dekouvri

*Kisa w bezwen pou w amelyore oubyen chanje?*

Pitit fi m nan gen difikilte avèk matematik. Li mande m pou m ede l, men, m pa fò nan matematik.

### 2. Planifye

*Ki etap ou dwe pran?*

M pral pale avèk enstriktè l la ak lòt paran sou fason pou ede pitit fi m nan avèk matematik.

### 3. Aji:

*Èske w bezwen plis èd?*

M te priye pou èd. M te santi m ta dwe pale avèk yon manm nan pawas mwen an ki se yon enstriktè. Li te di li t ap bay pitit fi m nan leson. Nou te fikse yon lè pou yo rankontre chak semèn.

### 4. Reflechi:

*Kisa w te aprann? Èske w bezwen fè yon lòt plan oubyen kontinye avèk plan sa a?*

M bezwen tcheke chak jou avèk pitit fi m nan pou m wè kijan l ap travay sou devwa matematik yo epi pou m revize nòt li yo.

## Panse epi Priye

Panse sou sa w aprann yo. Ekri nenpòt panse ou genyen oubyen ide ki soti nan Sentespri a. Kisa w panse Senyè a vle w fè? Kòman w ka tabli yon egzanp pou pitit ou yo nan fè plan ak akonpli yo?

---



---



---

# 4

## Fè Plan pou Ede Pitit Ou Yo Gen Siksè

### Aktivite

Panse sou yon bagay ou vle amelyore oubyen chanje. Itilize de premye etap yo pou fè yon plan.

Aprè w fin fè plan w lan, retounen nan aktivite sa a epi konplete de pwochen etap yo:

<p><b>1. Dekouvri</b> <i>Kisa w bezwen amelyore oubyen chanje?</i></p>	<p><b>2. Planifye</b> <i>Kòman w pral amelyore oubyen fè chanjman an? Ki etap ou dwe pran?</i></p>
<p><b>3. Aji:</b> <i>Kòman lafwa nan Jezikri te ede ou akonpli plan w lan? Èske w bezwen plis èd?</i></p>	<p><b>4. Reflechi:</b> <i>Kisa w te aprann? Èske w bezwen fè yon lòt plan oubyen kontinye avèk plan sa a?</i></p>

**Pale avèk Fanmi Ou**

Pale avèk fanmi w sou sa w aprann. Mande manm fanmi w pou yo pataje ide yo epi pou yonn koute lòt.

- Ede pitit ou yo fè plan. Priye ansanm pou w ka konn kisa yo ta dwe fè.
- Ekri plan chak pitit anba la a. Pale sou fason w pral ede chak pitit akonpli plan pa l la.



# 5

## Aprann Ansanm Lakay

### Kesyon pou diskite

1. Gade foto sa yo. Kisa ou wè?
2. Kijan timoun yo aprann nan travay ak jwe ansanm?
3. Kisa w fè avèk pitit ou yo anplis lekòl ki ede yo aprann?



### Aprann

Fanmi yo ka fè fwaye yo tounen plas kote Sentespri a ka ede yo aprann. Yo ka pale konsènan Jezikri ak sou eseye pou vin plis tankou Li? Ou ka fè anpil bagay pou envite Sentespri a andedan fwaye ou epi kenbe fanmi w solid. Ou ka priye ak li ekriti yo an fanmi chak jou, viv levanjil la, ak sèvi lòt moun.

Lè Sentespri a prezan nan fwaye ou, fanmi w ap trete youn lòt avèk jantiyès ak lanmou. Lè pitit ou yo santi ke w renmen yo, y ap santi sipò yo bezwen pou yo ka reyisi a.

Bagay sa yo ap ede fwaye w vin yon plas pou lanmou ak aprantisaj:

- Ou dwe pasyan.
- Eseye pa fè kòlè.
- Pase tan ansanm.
- Amize ou.
- Koute avèk atansyon.
- Felisite timoun yo pandan y ap eseye aprann.
- Itilize mo janti.



### Panse epi Priye

Panse sou sa w aprann yo. Ekri tout ide ou genyen oswa ide ki soti nan Sentespri a. Kisa w panse Senyè a vle w fè? Ki bagay ou ka fè pou w genyen oswa montre plis lanmou nan fwaye ou?

---




---



---

**Aktivite**

Reflechi sou bagay ki ede lakay ou ranpli ak lanmou. Ekri de oswa twa ide sou bagay nou wè, tande, ak santi si fwaye nou ranpli avèk lanmou.

 <b>Kisa w wè lè w gade tout andedan lakay ou?</b>	 <b>Kisa w tande manm fanmi yo di youn ak lòt?</b>	 <b>Kisa manm fanmi yo santi lè yo lakay yo?</b>
<ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Egzanp: Moun ka p ede youn lòt.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Egzanp: Pawòl janti.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Egzanp: Yo santi ke nou renmen yo.</li> </ul>

Ede pitit ou yo lè bagay yo difisil pou yo. Men yon egzanp sou fason w ka montre lanmou si pitit fi ou ap travèse yon moman difisil:

pitit fi la w te pase yon gwo egzamen. Li te travay di anpil. Men li resewva yon move nòt epi li tris. Kouneya li pral gen pou l pran egzamen an ankò nan sis mwa. Ou pral gen pou w peye frè egzamen an ankò tou.

Sa se yon bagay difisil. Oumenm ak pitit fi w la santi nou tris. Men kèk bagay ou ka di li pou montre l lanmou ou:

- Mwen renmen ou. Mwen konnen ou te travay di anpil. Mwen la pou ou.
- Mwen tris paske w pa t gen yon pi gwo nòt nan egzamen an. Mwen konnen ou santi w tris. Kisa m ka fè pou ede ou?

**Pale Avèk Fanmi Ou**

Pale avèk fanmi ou sou sa w aprann. Diskite kesyon ki pi ba la yo. Mande manm fanmi w pou yo pataje ide yo epi pou youn koute lòt.

- Kisa nou ka fè antanke fanmi pou nou ka gen Sentespri a nan fwaye nou plis?
- Kijan nou ka montre plis lanmou ak respè youn pou lòt?
- Kijan lanmou nan fwaye nou ede nou tout aprann?





# 6

## Itilize tan w avèk sajès

### Kesyon pou diskite

1. Gade foto sa yo. Kisa ou wè?
2. Ki bagay nan lavi ou ki pi enpòtan?
3. Kijan w ka itilize plis tan ap fè bagay ki enpòtan pou ou ak fanmi ou?



**Aprann**

Tan se yon kado Papa nou ki nan syèl la ba nou. Nou ta dwe reflechi avèk atansyon sou fason nou itilize tan nou. Gen anpil fason pou nou itilize tan nou chak jou. Nou travay, nou jwe, nou fè manje, nou priye, nou al achte, nou etidye, epi nou fè anpil lòt bagay. Nou ta dwe chwazi pi bon fason pou itilize tan nou.

Fè yon plan pou ede w itilize tan w byen. Reflechi sou sa w gen pou w fè chak jou. Ki bagay ki pi enpòtan? Ki bagay ki pa tèlman enpòtan? Planifye pou fè bagay ki pi enpòtan yo dabò. Pase mwens tan sou bagay ki pa enpòtan yo e ki pa ede oumenm ak fanmi w atenn objektif nou yo.

Oumenm ak fanmi ou ka pale ansanm souvan sou sa ki enpòtan. Ou ka fè yon plan pou youn ede lòt itilize tan yo avèk sajès.

**Panse epi Priye**

Panse sou sa w aprann yo. Ekri tout ide ou genyen oswa ide ki soti nan Sentespri a. Kisa ki pi enpòtan nan lavi ou? Ki youn nan fason ou ka itilize plis tan pou w fè bagay ki pi enpòtan nan lavi ou?



# 6

## Itilize tan w avèk sajès

---

### Aktivite

Gen anpil fason pou nou itilize tan nou. Men kèk bagay ou gendwa fè chak jou:

---

Li ekriti yo	Priye	Ede pitit ou yo aprann
Gade televizyon	Rete nan telefòn	Fè manje
Ale nan makèt	Netwaye kay la	Travay
Ranpli apèl ou nan legliz la	Jwe	Etidye

---

Ou fè lòt bagay chak jou tou. Panse a tout bagay ou fè yo.

---

Ki de ou twa bagay ou vle itilize **plis tan** sou yo?

---

Ki de ou twa bagay ou vle itilize **mwens tan** sou yo?

---

**Pale Avèk Fanmi Ou**

Pale avèk fanmi w sou sa w aprann. Diskite kesyon ki pi ba yo. Mande manm fanmi ou pou yo pataje ide yo epi pou youn koute lòt.

- Ki bagay ki pi enpòtan pou fanmi nou?
- Kisa nou ka fè antanke fanmi pou n pi byen itilize tan nou nan fè bagay ki enpòtan pou nou?
- Kijan nou youn ka ede lòt itilize tan nou byen?



# 7

## Ede Timoun yo Pratiye Lekt, Ekriti, ak Matematik

### Kesyon pou diskite

1. Gade foto sa yo. Kisa ou wè?
2. Kijan w panse timoun yo santi yo konsènan aprann?
3. Kijan w ka ede pitit ou yo aprann chak jou?



## Aprann

Timoun aprann anpil bagay nan lekòl. Yo ka pratike lakay pou ede yo sonje kisa yo te aprann. Men kèk fason pou w ede pitit ou yo pratike lekti, ekriti, ak matematik chak jou:

### Li (lekli)

Lekli se yon mwayen trè enpòtan pou timoun aprann. Paran yo ka ede pitit yo konprann kijan lekli ap ede yo nan lekòl ak nan lavi yo. Timoun yo ka aprann li pi byen nan li pou tèt pa yo oswa awotwa pou lòt moun chak jou. Ou ka mande pitit ou yo pou yo li pou ou pandan w ap fè manje oswa travay nan fwaye ou. Ou ka mande yo pou yo li pawòl oswa vèsè nan ekriti yo tou. Timoun ki pi gran yo ka li pou frè ak sè ki pi piti yo.



### Ekri (ekriti)

Ekri ka ede timoun yo panse ak aprann. Lè yo ekri, timoun yo gen kapasite pou yo pataje ide yo epi itilize mo nouvo. Ou ka mande pitit ou yo pou yo ekri yon ti kras chak jou. Gen kèk timoun ki renmen ekri istwa. Gen lòt ki renmen ekri sou bagay ki rive yo. Mande pitit ou yo pou yo li sa yo ekri yo pou ou.



### Matematik

Aprann talan matematik enpòtan anpil. Talan sa yo sèvi nan konstriksyon, nan fè manje, ak nan lòt pati nan lavi chak jou nou. Anpil timoun panse matematik difisil. Men li pa oblije konsa. Ou ka ede pitit ou yo aprann matematik chak jou. Mande pitit ou yo pou yo konte lajan oswa peye pou bagay yo nan makèt la. Mande yo pou yo konte bagay nan kay la oswa lè w ap kuit manje. Sa ap ede yo reflechi sou chif yo ak sou fason pou yo itilize matematik chak jou.



**Panse epi Priye**

Panse sou sa w aprann. Ekri tout ide w genyen oswa ide ki soti nan Lespri a. Kijan w ap ede pitit ou yo pratike lekti, ekriti, ak matematik chak jou?

---






---



---

**Aktivite**

Gade nan lis ki pi ba la a. Desinen yon mak pou tcheke (✓) nan kazye akote bagay ou ta renmen fè avèk pitit ou yo.

 <b>Lekti nan Fwaye a</b> Avèk pitit ou yo:	 <b>Ekri nan fwaye a</b> Mande pitit ou yo pou yo:	 <b>Matematik nan Fwaye a</b> Avèk pitit ou yo:
<ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Li yon liv awotwa.</li> <li><input type="checkbox"/> Li etikèt ki sou bagay yo.</li> <li><input type="checkbox"/> Pran tan youn apre lòt pou nou li ekriti yo.</li> <li><input type="checkbox"/> Li pano ki sou wout yo.</li> <li><input type="checkbox"/> Site non lèt yo wè yo.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Desinen foto epi pale w konsènan yo.</li> <li><input type="checkbox"/> Ekri lèt.</li> <li><input type="checkbox"/> Ekri istwa.</li> <li><input type="checkbox"/> Ekri non manm fanmi yo.</li> <li><input type="checkbox"/> Ekri nan yon jounal.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Konte bagay yo nan makèt la.</li> <li><input type="checkbox"/> Mezire atik pou manje yo pandan n ap fè manje.</li> <li><input type="checkbox"/> Ajoute ak soustrè chif yo.</li> <li><input type="checkbox"/> Pratiye yon pwoblèm matematik ansanm.</li> <li><input type="checkbox"/> Li lè nan yon revèy.</li> </ul>

**Pale Avèk Fanmi Ou**

Pale avèk fanmi w sou sa w aprann. Diskite kesyon ki pi ba yo. Mande manm fanmi ou pou yo pataje ide yo epi pou youn koute lòt.

- Ki bagay w ap aprann nan lekòl?
- Kijan nou youn ka ede lòt li ak ekri chak jou?
- Kijan nou youn ka ede lòt fè matematik chak jou?





# 8

## Ede Timoun yo Avèk Devwa Lekòl nan Fwaye a

### Kesyon pou diskite

1. Gade foto sa yo. Kisa ou wè?
2. Kijan w ka ede timoun yo avèk devwa lekòl yo nan fwaye a?
3. Kiyès ki ka ede si devwa lekòl timoun yo twò difisil pou w ede yo?



### Aprann

Pafwa sa pitit ou yo aprann nan lekòl la difisil pou w konprann ak pou pèmèt ou ede yo. Sa OK si w pa konn tout bagay. Toujou gen anpil bagay ou ka fè pou ede pitit ou yo nan lekòl yo.

### Devwa lekòl

Anseye pitit ou yo pou yo travay sou devwa lekòl yo chak jou. Si yo gen devwa lekòl ke yo oblije fini lakay yo, ede yo travay sou li. Ou ka ede pitit ou yo fè yon plan pou fini devwa lekòl yo alè? Sa ka ede si timoun yo gen yon tan ak yon kote trankil pou yo etidye nan fwaye a. Ou ka ede pitit ou yo mande yon pwofesè, yon zanmi, oswa yon lòt adilt èd si devwa lekòl yo a twò difisil.

### Egzamen

Mande pitit ou yo si yo konprann sa y ap aprann yo. Mande yo kisa yo bezwen konnen pou egzamen yo. Si yo bezwen èd, ou ka pale avèk pwofesè yo oubyen fè yo mande pwofesè yo èd.

Ou ka ede pitit ou yo etidye pou egzamen nan fè yo reponn kesyon egzamen pase yo. Ou ka priye ansanm avèk yo pou èd tou. Eseye bay pitit ou yo manje ak dlo avan yo fè egzamen yo pou yo ka panse pi byen epi pou yo pa grangou. Di yo ke w kwè nan yo epi ou renmen yo menmsi yo pa fè egzamen yo byen.



**Panse epi Priye**

Panse sou sa w aprann. Ekri tout ide ou genyen oswa ide ki soti nan Sentespri a. Kijan w ka ede pitit ou yo avèk devwa lekòl yo nan fwaye a ak pou yo etidye pou egzamen yo?

---





---



---

**Aktivite**

Gade lis ki pi ba la a. Desinen yon mak pou tcheke (☒) nan kazye akote bagay ou ta renmen fè avèk pitit ou yo.

 <b>Devwa lekòl nan fwaye a</b>	 <b>Preparasyon pou egzamen</b>
<ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Mande pitit ou yo kisa y ap aprann.</li> <li><input type="checkbox"/> Ede yo avèk devwa lekòl yo.</li> <li><input type="checkbox"/> Eseye jwenn yon tan ak yon kote pou pitit ou yo etidye.</li> <li><input type="checkbox"/> Mande yo kilè yo dwe remèt devwa lekòl yo bay pwofesè yo.</li> <li><input type="checkbox"/> Si yo bezwen èd, fè timoun yo mande yon zanmi oswa yon pwofesè èd.</li> <li><input type="checkbox"/> Priye pou w konn kijan pou ede pitit ou yo.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Mande timoun ou yo si yo konprann sa y ap aprann yo.</li> <li><input type="checkbox"/> Mande yo kisa yo bezwen konnen pou egzamen yo.</li> <li><input type="checkbox"/> Fè yo etidye kesyon egzamen pase yo.</li> <li><input type="checkbox"/> Bay pitit ou yo manje ak dlo avan yo pran yon egzamen.</li> <li><input type="checkbox"/> Di pitit ou yo ou renmen yo menmsi yo pa reyisi byen nan egzamen yo.</li> </ul>

**Pale Avèk Fanmi Ou**

Pale avèk fanmi w sou sa w aprann. Diskite kesyon ki pi ba la yo. Mande manm fanmi w pou yo pataje ide yo epi pou youn koute lòt.

- Kijan nou ka ede manm fanmi yo avèk devwa lekòl yo?
- Kisa nou ka fè pou ede manm fanmi yo etidye pou egzamen yo?
- Ki kote manm fanmi yo ka etidye nan fwaye a?



# 9

## Patisipe Nan Edikasyon Pitit Ou yo

### Kesyon pou Diskite

1. Gade foto sa yo. Kisa ou wè?
2. Kòman w ka patisipe nan edikasyon pitit ou yo?
3. Kòman pitit ou yo ka mande enstriktè yo pou ede yo si yo pa konprann?



## Aprann

Ou ka pale avèk pitit ou yo, travay avèk yo, jwe avèk yo, li avèk yo, epi koute yo. Sa ap ede yo santi ke w renmen yo. Ou ka mande yo kisa y ap aprann nan lekòl la tou. Mande yo kisa ki fasil pou yo. Mande yo kisa ki difisil. Mande yo kijan yo santi yo konsènan enstriktè yo. Si w panse sa ta ka ede pitit ou yo, mande enstriktè yo si w ka pale avèk yo.

Enstriktè souvan renmen lè paran yo pale avèk yo pou mande yo kijan yo ka ede pitit yo travay byen nan lekòl.

Anvan w rankontre avèk enstriktè pitit ou yo, ekri kesyon w vle poze yo. Men kèk bagay ou ka fè:

1. Remèsye enstriktè yo poutèt yo anseye pitit ou yo.
2. Mande enstriktè yo kòman pitit ou yo ap travay nan klas yo.
3. Mande enstriktè yo kijan w ka ede pitit ou yo travay pi byen nan lekòl.
4. Mande enstriktè yo si gen dat enpòtan ou ta dwe konnen.

Si w pa ka rankontre enstriktè yo, ou ka konekte avèk yo nan yonn oubyen plis pase fason sa yo:

- Voyer yon mesaj tèks.
- Voyer yon email.
- Fè yon konvèsasyon nan telefòn.
- Ekri yon lèt.

Gen anpil moun ki ede pitit ou yo aprann chak jou. Panse a lòt moun ou ka pale sou sa pitit ou yo ap aprann.



**Panse epi Priye**

Panse sou sa w aprann yo. Ekri nenpòt panse ou genyen oubyen ide ki soti nan Sentespri a. Kijan lè w pale avèk lòt moun sou sa pitit ou yo ap aprann sa ka ede pitit ou yo nan lekòl?

---

---

---

**Aktivite**

Ekri twa bagay ou ta renmen mande oubyen pale avèk enstriktè pitit ou yo oubyen avèk lòt moun pou ede pitit ou yo aprann.

---

---

---

**Pale avèk Fanmi Ou**

Pale avèk fanmi w sou sa w aprann. Diskite kesyon ki anba yo. Mande manm nan fanmi w pou yo pataje ide yo epi pou youn koute lòt.

- Kimoun nan lavi nou ki ede nou aprann?
- Kijan lòt moun ka ede chak manm fanmi an nan lekòl?





## Fason pou Ede Pitit Ou yo Gen Siksè nan Lekòl ak Santi Ou Renmen Yo

- Anseye pitit ou yo epi montre yo ke aprann ap ede yo vin plis tankou Jezikri.
- Ede pitit ou yo konnen yo se pitit Bondye ki ka aprann ak pwogrese.



- Pale avèk pitit ou yo avèk amou ak jantiyès, epi ede yo kontinye eseye.
- Di pitit ou yo ke ou kwè nan yo epi w ap toujou renmen yo.

- Fikse bi avèk pitit ou yo pou ede yo itilize tan yo avèk sajès.
- Ede pitit ou yo pratike li, ekri, ak matematik chak jou.



- Ede pitit ou yo etidye pou lekòl ak pou egzamen.
- Pale avèk enstriktè pitit ou yo ak lòt moun pou ede yo aprann.

# 9

## Patisipe Nan Edikasyon Pitit Ou yo

Ekri kèk nan bagay ki pi enpòtan ke w aprann nan manyèl sa a.

---

---

---


---

---

---

---





“Apèl pou vin yon paran an enkli don pou anseye nan fason ki bon pou oumenm ak pitit ou yo” (Robert D. Hales, “Vini, Suiv Mwen’ nan Pratike Lanmou ak Sèvis Kreyen,” *Lyawona*, Nov. 2016, 23).

